

SFL-GBA dina pangajaran nulis basa Sunda

“Teu kudu nungguan datangna inspirasi... urang nu kudu nyiptakeun éta inspirasi” (Stephen King)

Naon anu ditétélakeun di luhur téh upama ditengetan mah bisa méré motivasi pikeun urang dina tulas-tulis. Da ari nulis mah lain prosés anu gampang tur gancang, tapi merlukeun waktu jeung prosés, teu bisa dina sakali meunang tiori nulis, tuluy bisa langsung lumpat (nyieun tulisan-tulisan anu hadé).

Nulis mikabutuh prosés maca, ngaregepkeun, sarta nyarita. Patali jeung konsép nyarita, bakal leuwih hadé saupama naon anu ditulis téh bisa dicaritakeun atawa dipréséntasikeun, hartina tulisan urang téh bisa leuwih mangpaat pikeun jalma réa.

Patali jeung maca, alusna mah rumaja kiwari téh raresep maca, salian bisa ngarobah gaya hirup ogé ngawangun budaya anu anyar, sabaraha buku anu dibaca dina unggal poéna? Teu buku gé koran atawa majalah atuh! Hasil survey IEA (1992) anu dilaporkeun ku *world bank* nuduhkeun kamampuh maca siswa SD di Indonesia aya dina urutan 26 tina 27 nagara anu ditalungtik (nagara maju sarta nagara berkembang saperti Trinidad, jeung Venezuela) jigana masarakat urang leuwih resep nongton tibatan maca. Leuwih resep nongton gosip tibatan maca gosip anu aya dina koran/majalah. Gosip éta gé lain hal-hal anu patali jeung élmu pangaweruh. Upamana kana maca gé geus hororéam komo deui pikeun nulis, jajaueun pisan.

Ti iraha atuh urang kudu diajar nulis? Sarta modél naon anu kudu dilarapkeun sangkan nulis téh jadi prosés anu gampang?

Modél SFL-GBA

Aya sawatara bangbaluh anu karandapan boh ku siswa boh ku guru dina pangajaran nulis. Saenyana mah guru teu bisa méré pancén kitu waé pikeun nulis karangan, nulis bahasan, komo geus ngaharib-harib kana nulis karya ilmiah mah. Ku kituna saacan prak nulis téh loba hal anu kudu dititénan, lain ukur tekad, atawa kahayang anu keyeng pikeun nulis, tapi tingkat kritis kana hiji hal, sarta tata basa kaasup di jerona. Barudak sakola kiwari nganggap énténg kana kagiatan tulas-tulis, faktana hasil tulisan siswa téh gening masih réa kénéh anu can bener, di antarana teu puguh eusina, sakapeung topik anu geus disiapkeun ogé dina prak-prakan ngarang mah masih kénéh bacacar (kaditu-kadiu), tata basana amburadul, jrrd.

Anu kateumbleuhan ieu tanggung jawab téh biasana guru. Saenyana mah guru boga pancén anu beurat, tong boroning pikeun pangajaran basa Sunda, pikeun pangajaran basa Indonésia, jeung basa Inggris anu dianggap geus leuwih gampang tibatan basa Sunda ogé dina hal nulis mah, angger wéh euweuh nu sampurna. Ku kituna lahir ieu model pikeun ngungkulan masalah nulis téa.

Model SFL-GBA téh dimekarkeun di Australia anu mucunghul taun 1980-an (Emilia, 2011: 16). Lahirna model SFL-GBA téh balukar rasa teu puas kana model pangajaran harita anu teu nganggap penting ayana tata basa (*grammar*), nyaruakeun prosés pangajaran nyarita jeung pangajaran nulis, cékna dina pangajaran nulis teu kudu dibéré pangajaran anu formal, sakumaha dina pangajaran nyarita.

Modél pangajaran SFL-GBA anu dimekarkeun di nagara lain saperti USA, UK, Cina, jeung Australia mah digunakeun pikeun pangajaran B2, saupamana basa Inggris. Tah kumaha upama ieu model pangajaran dilarapkeun dina basa Sunda, naha bisa??

Pangajaran basa Sunda, kiwari dianggap hésé sakumaha anu ditétélakeun ku guru basa Sunda dina Seminar Pendidikan Basa Sunda (12/5) di Garut, cenah siswana leuwih resep sarta gampang ngawasa pangajaran basa Inggris tibatan basa Sunda. Réa anu boga pamadegan kitu téh, hasil panalungtikan mahasiswa JPBD ngeunaan pangajaran basa Sunda di sakola-sakola satatar Bandung taun 2012 ogé nétélakeun yén siswa anu hétérogén, kurang minat, jeung tara dibiasakeun ngomong basa Sunda jadi bangbaluh anu karandapan dina pangajaran basa Sunda. Tapi hasil angkét siswa ngagambarkeun yén saenyana barudak sakola téh bisa kénéh nulis ngagunakeun basa Sunda mah, nyarita ogé barisaeun kénéh katitén tina hasil wawancara, tapi kualitas basa sarta kekecapan basa Sundana éta anu jadi masalah anu kudu dironjatkeun téh, hal-hal saperti kitu anu nyababkeun

pangajaran nulis téh jadi hésé. Ku kituna diuji cobakeun ieu modél, jigana ieu modél bisa dilarapkeun ogé pikeun pangajaran nulis basa Sunda di daérah-daérah séjénna komo di kota Bekasi, Depok, atawa Cirebon mah.

Konsép dina model SFL-GBA

Saacan siswa paham kumaha nulis anu bener téh, guruna heula anu diperedih sangkan leuwih paham kana ieu modél, prak-prakan, sarta kumaha cara évaluasina. Dina modél SFL-GBA aya tilu hal anu kudu diperhatikeun, nya éta téks, kontéks jeung intertekstualitas. Titélan kalimah di handap.

(1) Lumpat!

(2) Jalma-jalma lalumpatan waktu ngadéngé sora sirine, aya nu lumpat ka kebon, aya anu nyumput téh.

Tina dua kalimah di luhur mana anu kaasup téks? Kecap-kecap di luhur kaasup kana kalimah, tapi anu kaasup kana téks nya éta kalimah nomor (1), téks teu diukur dumasar kana panjang atawa pondokna runtuyan kalimah, tapi kudu ngudag ma'na anu gembleng anu bisa dipikaharti ku nu macana. Ku kituna kalimah (2) teu bisa disebut téks kulantaran mangrupa sempalan tina gemblengan wacana (bahasan), sanajan dipungkas ku tanda baca, tapi nu maca bakal panasaran, ti mana asalna ieu carita, kumaha terusanana, salian ti éta tata basana teu merenah (salah ngalarapkeun kecap panganteb) “aya nu lumpat ka kebon, aya anu nyumput téh “ kuduna “aya nu lumpat ka kebon, aya ogé nyumput” téh dina kalimah kadua salaku pamungkas kurang merenah upama dilarapkeun di tukang, mending dileungitkeun. Ku kituna téks kudu luyu jeung kontéksna, boh kontéks situasi boh kontéks budaya. Ari kontéks situasi nyoko kana *Field* (topik), *tenor* (keur saha éta tulisan ditujukeun, leuwih nuduhkeun patalina antara nu nulis, nu maca, jeung nu ngadéngékeun), *mode* (naha éta tulisan téh rék dipaké dina basa lisan atawa tulisan). Kontéks budaya mah nyoko kana génré naon anu rék ditulis téh. Téks dianggap salaku wangun sosial, anu mibanda struktur sarta bisa diidentifikasi salaku konstruk, anu bisa didékonstruksi (Macken-Horarik, dina Emilia, 2011: 8). Jadi saupamana urang wanoh kana rupaning wangun dina karangan saperti déskriptif, éksposisi, arguméntasi, jeung narasi, éta rupaning wanda karangan téh boga struktur nulis anu béda. Tulisan warta pasti béda jeung tulisan resép masak pon kitu deui jeung tulisan kriminal.

Intertekstualitas mibanda harti unggal téks téh aya patalina jeung téks lianna. Kamampuh nulis hiji jalma téh gumantung kana naon anu geus dibaca, didéngé sarta pangaweruh anu dicangking saacanna. Ku kituna *building knowledge* dina ieu modél téh jadi kagiatan anu pangpentingna.

Prak-prakan ngalarapeun model SFL-GBA dina Pangajaran Nulis

1. Ngawangun pangaweruh ngeunaan topik anu rék ditulis

Ieu anu disebut *building knowledge of the field* téh, léngkah-léngkahna: (a) siswa dibéré téks anu patali jeung téks anu rék ditulisna, hartina siswa dititah maca ngeunaan rupa-rupa téks anu patali jeung topik anu engkéna baris ditulis téa, téks anu dibikeun ka siswa teu ukur téks dina basa Sunda hungkul, tapi dina basa Indonésia atawa basa Inggris gé disahkeun, (b) siswa ngajawab pertanyaan guru ngeunaan téks anu geus dibacana, (c) siswa nyirian kecap anu teu dipikaharti, sarta dititah nebak harti éta kecap dumasar kana kontéks kalimahna, (d) siswa ngaregepkeun naon anu ditepikeun ku guru masih ngeunaan topik anu sarua tapi téksna béda, (e) siswa ngabahas téks anu dibacana sacara lisan.

2. *Modelling*

Guru bisa jadi modél dina ieu kagiatan, hartina guru néangan modél téks anu rék dibahas, kumaha prak-prakanana, ngajelaskeun tata basana, sarta ngadémonstrasikeun kumaha nulis téks anu bener jeung merenah téh, kudu diselapkeun ogé ajén-ajén anu bisa dicokot tina unggal téks téh.

3. *Join construction*

Konstruksi kana téks dipilampah ngaliwatan *join construction*, léngkah-léngkahna bisa dipigawé babarengan siswa, guru nulis di hareupeun kelas, éta tulisan kudu dikoméntaran ku siswa, atawa siswa papada siswa silih koméntaran tulisanana. Dina ieu hal siswa diperedih bisa nyieun draft, ngarévisi, ngédit, nepi ka ngapublikasikeun. Saenyana *join construction* téh bisa diliwat saupama siswa geus bener paham kana struktur téks sarta paham kana eusina.

4. *Independent construction*

Siswa nulis sacara individual ngaliwatan prosés anu ditétélakeun dina *join construction*. *Independent construction* dipilampah pikeun ngayakinkeun yén tujuan pangajaran téh geus kahontal. Hasil tulisan siswa bisa dipublikasikeun ngaliwatan média cétak atawa dipréséntasikeun di hareupeun kelas, ku kituna salian ti ngalatih siswa dina nulis, ogé nambahan kapercayaan diri siswa dina medar hal-hal anu ditulisna.

Struktur Organisasi Wanda Karangan

Unggal karangan mibanda struktur organisasi anu béda, di luhur geus ditétélakeun yén nulis resep masak mah béda jeung nulis warta. Ku kituna di handap dijéntrékeun struktur organisasi unggal karangan.

1. Karangan déskriptif

Tujuan déskriptif téh nya éta méré informasi ngeunaan hiji hal. Struktur organisasina nya éta: a) *general statement* anu ngajelaskeun topik, méré informasi umum ngeunaan naon anu rék didéskripsikeun, jeung b) *description* nya éta méré informasi anu dikelompokeun kana sababaraha bagian, biasana ditulis tina hal-hal anu sifatna kurang penting nepi ka anu penting pisan atawa sabalikna (umum-khusus atawa khusus-umum).

2. Karangan Naratif

Eusi karangan naratif téh di antarana nyaritakeun ngeunaan jalma, kumaha cara manéhna ngaréspon hiji hal, ngabedahkeun ajén sosial, sarta ngahibur anu macana. Struktur organisasina nya éta: a) *orientation* (ngawanohkeun karakter anu rék dicaritakeun, dimana tempat kajadian éta carita, sarta méré pituduh ngeunaan masalah anu karandapan ku hiji tokoh), b) *complication* (nyaritakeun masalah anu karandapan), c) *evaluation* (méré koméntar ngeunaan kajadian anu karandapan ku hiji tokoh, nyieun panasaran nu maca kana carita tuluyanana), d) *resolution* (ngaréngsékeun masalah), jeung e) *coda* (méré koméntar ngeunaan tokoh anu dicaritakeun), dina hiji carita rék dipungkas ku *coda* atawa henteu teu jadi masalah, dina karangan jenis naratif biasana nu nulis ngantepkeun nu maca dina ngainterprétasikeun *ending* caritana.

3. Karangan Éksposisi

Karangan jenis éksposisi mangrupa évaluasi kritis ngeunaan hiji gagasan. Struktur organisasina nya éta: a) *Thesis* (nyaritakeun isu, pamadegan/ tanggungan nu nulis ngeunaan hiji hal), b) *a series of arguments* (argumén anu patali jeung isu nu rék dicaritakeun, kudu faktual sarta dibarengan ku bukti) waktu nyieun argumén kudu luyu jeung topik anu rék ditulis teu meunang jauh teuing ti na topik, carana kudu bisa ngajawab pertanyaan topik, jeung c) *restatement of the thesis* (nyieun kacindekan ngeunaan isu anu ditulis kudu ajeg sarta leuwih *direct* tibatan *thesis*).

4. *News Item*

Nulis warta teu bisa disaruakeun jeung nulis karangan biasa, aya hal-hal anu tangtu anu kudu diperhatikeun waktu nulis warta, struktur organisasina, nya éta: a) *lead* (bagian anu dipentingkeun dina nulis warta anu bisa nyieun panasaran anu maca), b) *middle* (nyaritakeun kajadian dumasar kana kapentingan, jeung c) *end* (dina mungkas warta kudu ngajawab naon anu jadi masalah dina *lead*).

Dumasar pangalaman anu nulis, sanggeus diujicobakeun, saacan ngagunakeun jeung sanggeus ngagunakeun ieu modél, skor karangan mahasiswa ngaronjat, mahasiswa jadi leuwih tenget kana naon anu ditulisna, tata basana merenah, sarta kosa kecap dina basa sundana nambahan. Jadi ieu modél téh bisa ngaronjatkeun pangalaman nulis, salian ti nulis ogé aya prosés

lianna saperti ngaregepkeun, maca, jeung nyarita. Ku kituna ieu modél SFL-GBA bisa dilarapkeun ka sakumna siswa anu geus teu biasa nulis atawa nyarita dina basa Sunda, saupama dipraktékkeun kalawan bener tangtu hasilna bakal nyugemakeun. Hartina euweuh watesan umur dina nulis mah, kabéh jalma bisa nulis naon baé, dimana baé, tangtuna anu bisa mangpaat pikeun jalma réa. Cag!

Temmy Widyastuti, S.Pd., M.Pd.
Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, UPI